**KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA**
**KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN WONOSOBO**
**FKKM MTs KABUPATEN WONOSOBO**
Alamat: Jl. Banyumas KM 04 Wonosobo 56361 Telp:(0286)322386

**PENILAIAN SUMATIF AKHIR SEMESTER ( PSAS ) GANJIL**
**TAHUN PELAJARAN 2024-2025**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Mata Pelajara | : Bahasa Jawa | Hari / Tanggal | : |
| Kelas | : VII ( Tujuh ) | Waktu | : |

**A. Pilihana wangsulan kanthi menehi tandha silang (X) ing aksara A, B, C utawa D kang paling bener!**

**Wacan kanggo pitakonan nomor 1-4**

**Pengalaman Mudik**

Jenengku Tirta. Ing tahun 2024 iki, aku mudik menyang Solo. Aku lan keluargaku kabeh mangkat saka Semarang sedina sakdurunge Idul Fitri.

Jarak Semarang menyang Solo cedak, mung 60 km kira-kira. Aku lan keluargaku lewat tol. Biasane waktu perjalanan ditempuh mung sekitar rong jam. Nanging, amarga macet banget, perjalanan ditempuh watara limang jam.

Ing perjalanan arep menyang Solo, aku lan keluargaku sempet mampir rest area lan pom bensin ping telu. Pas kui isih poso, dadi awake dewe ora mampir maem. Awake dewe mung mampir leren lan isi bensin. Wes limang jam menempuh perjalanan, akhire aku lan keluargaku tekan ing dalemipun eyang putri ing Solo. Aku wis kangen banget eyang putri lan sedulur-sedulurku kabeh.

Dina iku uwis sore, dadi aku lan bapak ibu langsung resik-resi awak uga persiapan takbiran ing kampung. Aku seneng banget akhire iso melu takbiran keliling maneh ing Solo.

Kapethik saka https://www.sonora.id.

1. Saka wacan ing dhuwur, kang mudik ing Solo yaiku … .
   A. Fitri
   B. Tirta
   C. Faisal
   D. Abdul

2. Jarak Semarang menyang Solo cedak, mung … km.
   A. telung puluh
   B. seket
   C. sewidak
   D. patang puluh

3. Aku lan keluargaku kabeh mangkat saka Semarang … Idul Fitri.
   A. sedina sauwise
   B. rong dina sauwise
   C. rong dina sakdurunge
   D. sedina sakdurunge

4. Crita ing dhuwur kalebu crita pengalaman kang … .
   A. nyenengake
   B. sedih
   C. lucu
   D. nguciwani

5. Crita sawijining kedadean kang wis tau dialami diarani … .
   A. pawarta
   B. pariwara
   C. crita pengalaman
   D. crita rakyat

6. Crita pengalaman iku bisa awujud kedadean kang nyenengake, nguciwani, lan sakpiturute. Jenis crita pengalaman cacahe ana … .
   A. 4
   B. 3
   C. 2
   D. 5

LIVEWORKSHEETS

7. Crita pengalaman kudu duweni … .
   A. kedadeyan, amanat, wektu
   B. tema, judul, wektu
   C. judul, papan panggonan, wektu
   D. wektu, papan panggonan, kedadeyan

8. Crita pengalaman duweni 3 titikan utawa ciri-ciri, antarane … .
   A. jinising kedadean
   B. tema
   C. amanat
   D. setting

9. Nalika maca crita pengalaman kang kudu ditindakake marang pamaca yaiku … .
   A. intonasi ora kudu apik
   B. ora nggatekake jeda
   C. katepatan sikap
   D. swara ora cetha

10. Unsur-unsur crita pengalaman ana 4, antarane bab kang dadi dhasare naskah crita kang arep digawe, diarani … .
    A. alur
    B. tema
    C. latar
    D. pacelathon

11. Alur utawa plot yaiku urutan kedadeyan kang dilakoni paraga utama saka babak kapisan nganti babak akhir. Alur diperang dadi … .
    A. 3
    B. 4
    C. 5
    D. 2

12. Pacelathon miturut jinise kaperang dadi 2, yaiku miturut panggonan lan cacahing paraga. Miturut panggonan pacelathon kaperang dadi 2, yaiku … .
    A. prolog lan dialog
    B. epilog lan monolog
    C. dialog lan monolog
    D. prolog lan epilog

13. Latar utawa setting kaperang dadi … yaiku … .
    A. 3, wektu, panggonan, swasana
    B. 3, swasana alam, swasana ati, amanat
    C. 3, latar, panggonan, wektu
    D. 3, alur, tema , setting

14. Apa bae kang dirasakake paraga, diarani latar… .
    A. latar wektu
    B. latar panggonan
    C. latar swasana ati
    D. latar swasana alam

15. Unsur-unsur cerita rakyat ana 6, antarane yaiku nggambarake karakter kanggo paraga, kang diarani … .
    A. penokohan
    B. alur
    C. tema
    D. latar

16. Unsur penokohan ing crita rakyat miturut watake paraga bisa kaperang dadi … yaiku paraga … .
    A. 2, utama lan tambahan
    B. 3, antagonis protagonis, tritagonist
    C. 2, antagonis, protagonist
    D. 3, utama, tambahan, tritagonist

17. Nyritakake tokoh, barang, papan, kewan lan sakpiturute kalebu unsur crita rakyat kang diarani … .

LIVEWORKSHEETS

A. tema
B. alur
C. latar
D. sudut pandang

18. Mite yaiku crita rakyat kang tokohe para dewa-dewa utawa lelembut. Tuladhane crita rakyat mite yaiku … .
A. dongeng Nyai Rara Kidul lan Dumadine Jagad
B. dongeng Nyai Rara Kidul lan Kembang Wijayakusuma
C. dongeng Peksi Glatik lan Rawa Pening
D. dongeng Guwa Parang Tritis lan Kali Serayu

**Wacan kanggo nomer 19-21**

**Danau Toba**

*Ing sawijining dina ana wong lanang jenenge Toba. Dheweke ora duwe kulawarga, mula dheweke mung nyukupi dhahar iwak ing kali Toba.*
*Kacarita nalika mancing, Toba entuk iwak gedhe. Nanging, dheweke kaget amarga iwak mau malih dadi wanita ayu.*

*Toba uga mutusake omah-omah karo wanita kasebut. Kahanan kasebut yaiku Toba kudu njaga rahasia identitas wanita kasebut. Sawise omah-omah, dheweke dikaruniai putra sing jenenge Samosir.*

*Samosir dijaluk ngirim panganan menyang bapake. Nanging, dheweke ora sengaja ngrampungake amarga luwe.*

*Kanthi emosi, Toba mbuwang panganan lan sumpah kanthi ujar manawa Samosir minangka iwak.*

*Samosir nangis lan matur marang ibune. Ibune, sing nesu nesu, marang Samosir supaya munggah gunung lan ngenteni ing kana.*

*Dumadakan banyu metu saka panggonane garwane. Toba terus mulih lan ing endi ngadeg Samosir wis dadi pulau cilik. Danau Toba karo sawijining pulau cilik sing diarani Samosir ing tengah tlaga.*

Artikel iki kapethik saka https://www.sonora.id

19. Irah-irahan wacan ing dhuwur yaiku … .
A. danau Samosir
B. danau Toba
C. iwak gedhe
D. kali Toba

20. Crita ing dhuwur, kang malih dadi "wanita ayu" yaiku … .
A. iwak gedhe
B. iwak cilik
C. iwak nila
D. iwak kali

21. Saka crita ing dhuwur, banyu kang ndadekake danau Toba metu saka … .
A. mata air
B. tangise bojone Toba
C. tangise anake Toba
D. panggonane garwane

22. Crita rakyat kang wis dianggep bener lan kedadeyan, criane digathukake karo tokoh sejarah, kang wis dibumboni, kasekten lan kadigdayan tokohe, utawa ana gegayuane karo prastawa sejarah, diarani … .
A. dongeng
B. wiracrita
C. legendha
D. mite

23. Crita kang nyritakake uripe kewan kang tindak-tandhuke kaya manungsa, crita iki ora bener-bener kedadean, diarani crita … .
A. fabel
B. mite
C. sage
D. dongeng

LIVEWORKSHEETS

24. Wujude crita rakyat cacahe ana … .
    A. 6
    B. 7
    C. 8
    D. 5

25. Crita rakyat duwe sifat-sifat antarane yaiku crita ora kaweruhan sapa kang nganggit utawa diarani ….
    A. sinonim
    B. antonim
    C. kolekif
    D. anonym

26. “Nduweke masarakat bebarengan” yaiku sifat crita rakyat kang diarani … .
    A. sinonim
    B. antonim
    C. kolekif
    D. anonym

27. Sipat-sipate cerita rakyat:
    1. Koleksi
    2. Dicritakake kanthi tulisan
    3. Dicritakake kanthi turun-tumurun
    4. Anonim

    Sipat-sipat crita ing dhuwur kang bener yaiku … .
    A. 1 lan 2
    B. 2 lan 3
    C. 3 lan 4
    D. 1 lan 4

28. Jinise maca miturut saka krungu lan orane swara kang maca, cacahe ana … .
    A. 9
    B. 8
    C. 7
    D. 10

29. Jinis maca sing gawe mripa awake dhewe obah kanthi cepet anggone nyimak, bahan ukara kanggo nggoleki lan ngolehake informasi, diarani maca … .
    A. survei
    B. dhangkal
    C. kritis
    D. sakeblatan

30. Jinis maca sing dilakokake kanthi wicaksana, kanhi rasa kang jero, analiis, lan ora mung goleki klerune, diarani maca … .
    A. survei
    B. dhangkal
    C. kritis
    D. sakeblatan

31. Karangan kang arupa rerangkene ukara-ukara kang kaiket ing sajroning paragraf diarani… .
    A. wacan
    B. ukara
    C. tembung
    D. wanda

32. Jinise wacan iku ana 5 werna yaiku … .
    A. eksposisi, argumenasi, narasi, deskripsi, lan persuasi
    B. ekspedisi, argumenasi, narasi, deskripsi, lan persuasi
    C. eksposisi, dokumentasi, narasi, deskripsi, lan persuasi
    D. eksposisi, argumenasi, narasi, deskripsi, lan persisi

33. Wacan kang nggambarake kanthi cetha salah sawijining kahanan (objek), objek mau kaya-kaya ana ngarepe wong kang maca, diarani … .
    A. ekspedisi

LIVEWORKSHEETS

B. narasi
C. deskripsi
D. persisi

**Wacan kanggo nomer 34-36**

## Sekaten

**Sekaten** utawa **upacara Sekaten** (saking tembung *Syahadatain* utawa kalih tembung syahadat) inggih menika acara mengeti ambal warsanipun Nabi Muhammad s.a.w. sing diwontenaken ing saben tanggal 5 sasi Jawa Mulud (Rabiul awal tahun Hijrah) ing alun-alun lor Surakarta lan Yogyakarta. Upacara meniki kala biyen diwontenaken kalih Sultan Hamengkubuwana I, pandiri keraton Yogyakarta kangge ngundang masyarakat mlebet agami Islam.

Ing dina sapisan, upacara diwiwiti ing dinten dalu kalih iring-iringan abdi Dalem (punggawa kraton) sami-sami diiringi kalih set gamelan Jawa: Kyai Nogowilogo lan Kyai Gunturmadu. Iring-iringan meniki kawiwitan saking pendopo Ponconiti tekan masjid Agung ing alun-alun lor dikawal kalih prajurit Kraton. Kyai Nogowilogo badhe manggoni sisih lor saking masjid Agung, sementara iku Kyai Gunturmadu badhe manggoni ing Pagongan sisih kidul masjid. Kalih set gamelan iku badhe dimainke sesarengan nganti tanggal 11 wulan Mulud suwine 7 dinten katurut-turut. Ing dalu dinten keri dewe, kalih gamelan niki badhe dibeta wangsul ing Kraton.

34. Irah-irahan wacan ing dhuwur yaiku … .
A. Upacara Sekaten
B. Sekaten
C. Sasi Mulud
D. Wulan Mulud

35. Saka wacan ing dhuwur. Kalih set gamelan iku badhe dimainke sesarengan nganti tanggal 11 wulan Mulud suwine … dinen kaurut-turut.
A. 5
B. 11
C. 7
D. 6

36. Iring-iringan abdi dalem kawiwitan saking pendopo Ponconiti tekan … .
A. masjid Agung
B. alun-alun lor Surakarta
C. keraton Yogyakarta
D. Pagongan

37. Paragrap kang ukara pokoke manggon ana ing ngarep paragrap, banjur kasusul ukara-ukara panjlentrehe. Pokok ukara ora kudu manggon ana ing ukara pisanan. Diarani paragrap… .
A. ineratif
B. deduktif
C. indukif
D. naratif

38. Paragrap kang ukara utamane manggon ana ing sisih mburi paragrap, diarani paragrap… .
A. ineratif
B. deduktif
C. indukif
D. naratif

39. Wacan narasi yaiku wacan kang mbudidaya nyritakake prastawa kaya-kaya wong kang maca nyekseni dhewe uawa ngalami dhewe prastawa mau. Wacan narasi duwe titikan utawa ciri-ciri yaiku … .
A. anane tumindak ing sajroning crita
B. dicritakake kanthi lisan
C. anonim
D. duweke masarakat bebarengan

40. Wacan narasi kaperang dadi … .
A. 2
B. 3
C. 4
D. 5

LIVEWORKSHEETS

**Nomer 40-50 soal komplek jawaban luwih saka siji.**

41. Sandhangan aksara jawa cacahe ana telu, antarane yaiku sandhangan … .
    A. swara
    B. lagu
    C. gatra
    D. wyanjana

42. Jeneng-jenenge sandhangan panyigeg wanda yaiku … .
    A. wignyan
    B. pangkon
    C. taling
    D. cakra

43. Pasangan aksara jawa kang wujude pada karo aksarane yaiku pasangan … .
    A. ga
    B. ma
    C. ra
    D. tha

44. Wacanen ukara-ukara nganggo aksara Jawa ing ngisor iki, ukara kang bener yaiku … .
    A. 
    B. 
    C. 
    D. 

45. 1. Indah numpak sepur.
    2. Eka masak sayur.
    Ukara ing dhuwur menawa ditulis nganggo aksara jawa dadi … .
    A. 
    B. 
    C. 
    D. 

46. Ukara ing ngisor iki kang nganggo ragam basa krama yaiku … .
    A. Bapak nembe mawon wungu.
    B. Indah nembe wae wungu..
    C. Astane ibu saweg kesleo.
    D. Astane bayu saweg kesleo.

47. Crita non fiksi yaiku crita kang sanyatane. Wujude crita non fiksi yaiku … .
    A. hikayat
    B. legendha
    C. roman
    D. dongeng

48. Kagunan crita rakyat yaiku … .
    A. rekreatif
    B. estetis
    C. adaktif
    D. elastis

49. Wacan narasi sugestif duweni titikan utawa ciri-ciri kaya ing ngisor iki, yaiku ….
    A. nalar mung kanggo nggayuh makna
    B. jembarake wawasan
    C. basa figurative, tetembungan konotatif

LIVEWORKSHEETS

D. basa informatif, tembung denotative

50. Carane nulis nganggo aksara Jawa kang bener yaiku … .
    A. nggantung garis
    B. ditulis nganggo spasi
    C. ditulis ora nganggo spasi
    D. ora perlu nggantung garis

LIVEWORKSHEETS